



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 82 MILYON DOLA DISPONIB POU ATIS,
ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL YO**

***Direktiv pou premye faz Konsèy pou Zèv Atistik ane fiskal 2025 la disponib
kounye a [isit la](#); Aplikasyon yo ouvri 5 jen epi yo bout 17 jiyè***

Opòtinite adisyonèl pou finansman kapital NYSCA pou lanse nan otòn lan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke direktiv opòtinite pou ane fiskal 2025 pou 82 milyon dola nan sibvansyon Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik (New York State Council on the Arts, NYSCA) yo disponib kounye a pou òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif ak atis endividyèl atravè Eta New York. Opòtinite sibvansyon sa a enkli resous ki pi enpòtan anpil pou sektè atistik ak kiltirèl solid New York la – sipò jeneral pou fonksyone – ki bay finansman pou aktivite chak jou pou plizyè santèn òganizasyon atravè eta a. Opòtinite yo ofri tou sipò pou atis endividyèl, espas repetisyon abòdab, aprantisaj atizay popilè ak rezidans atizay espektak. Aplikasyon yo disponib kounye a nan arts.ny.gov.

"Sektè atistik ak kilti inovan New York la se yon eleman kle nan eta nou an, k ap dirije endistri touris vibran nou an, bay kominote nou yo enèji, epi enspire elèv yo toupatou nan eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Opòtinite finansman enpòtan sa yo pral pèmèt atis ak òganizasyon kiltirèl nou yo kontinye bay benefis enkwayab sa yo bay Nouyòkè yo ak vizitè nou yo."

Y ap òganize yon wèbinè lansman pou Opòtinite NYSCA ane fiskal 2025 nan jedi 14 me. Opòtinite espesifik yo pral pwograme webinè soti nan madi 21 me rive jedi 23 me ak èdtan biwo vityèl k ap fèt pandan tout mwa jen an ak kòmansman mwa jiyè. Enskripsyon pou webinè yo ansanm ak yon orè ajou pral [disponib isit la](#).

Direktiv pou opòtinite sa yo disponib pou telechaje sou [sitwèb NYSCA](#):

- **Sipò pou òganizasyon yo**

- Ofri finansman fonksyonman ak pwogram ki fleksib pou òganizasyon atizay ak kiltirèl kalifye. Prim sibvansyon yo varye ant 10,000 a 49,500 dola.

- **Sipò pou atis yo**
 - Finanse komisyon kreyatif pou atis endividyèl yo atravè eta a. Zòn komisyon an gen ladan koyegرافي, konpozitè, fim, medya, ak nouvo teknoloji, atizay popilè ak tradisyonèl, entèdisiplinè, literati, komisyon teyat, ak atizay vizyèl. Montan prim lan se 10,000 dola.
- **Sipò pou opòtinite sible yo**
 - Espas repetisyon ak estidyo pou atizay espektak: Finansman sa a gen entansyon sipòte tan repetisyon kreyatif ak òganizasyon ki bay espas solid ak abòdab pou gwoup atizay ak atis ki san bi likratif yo. Prim yo varye ant 15,000 a 35,000 dola.
 - Aprantisaj atizay popilè ak tradisyonèl: Finansman sa a bay moun ki gen eksperyans nan atizay popilè yo opòtinite pou yo etidye ak mèt atis popilè ki soti nan pwòp kominote yo. Montan prim lan se 10,000 dola.
 - Rezidans atizay espektak. Opòtinite sa a sipòte yon rezidans minimòm 3 semèn konsekitif pa gwoup atizay espektak ki baze nan New York nan yon zòn vize nan Eta New York andeyò konte aplikan an soti ak andeyò Vil New York. Prim yo varye ant 15,000 a 35,000 dola.
- **Sipò pou nouvo sibvansyon ak sèvis**
 - Sipòte finansman nan sit Kominote Nouvo Sibvansyon Eta (State Community Regrant) – yon rezo òganizasyon atistik ak kiltirèl rejyonal ki sitiye nan tout eta a – ki pwofite ekspètiz lokal yo pou pwolonje enpak sibvansyon NYSCA a bay atis ak òganizasyon san bi likratif yo ansanm ak finansman bay òganizasyon yo pou sèvis ou teren an. Opòtinite sa a se sèlman sou envitasyon.

Pòtay aplikasyon an pral ouvri mèkredi 5 jen 2024. Dat limit pou aplike se mèkredi 17 jen 2024, a 4 p.m. Tout aplikan yo dwe konplete pwosesis prekalifikasyon atravè Sistèm Finansye Eta a anvan yo aplike pou yon sibvansyon. NYSCA ankouraje aplikan yo pou yo kòmanse pwosesis prekalifikasyon an pi vit posib. Yo pral anonse opòtinite pou Sibvansyon Pwojè Kapital yo nan sezon otòn la.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Erika Mallin, te deklare, "Misyon NYSCA se bay tout Nouyòkè benefis atizay ak kilti. Mwen ankouraje kreyatif nou yo ki soti toupatou nan Eta a pou revize epi aplike pou opòtinite esansyèl sa yo. Nou vle sipòte kreyativite w ak inovasyon w ki pral gide nou tout nan direksyon yon avni ki pi bon ak pi solid."

Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare, "Gras a lidèchip Gouvènè Hochul ak Lejislati a, nou kontan kontinye trajèktwa enkwayab sa a nan finansman vital nan domèn nou an ak opòtinite Ane Fiskal 2025 nou yo, sipòte travay enpòtan atis ak òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè Eta a."

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Felisitasyon NYSCA pou anons finansman jodi a ki ouvri 82 milyon dola nan nouvo sipò sibvansyon pou atis ak òganizasyon yo. Atizay

ak kilti esansyèl alafwa nan lespri ak pou ekonomi gwo eta sa a, epi mwen pa katann travay kreyatif ki pral fleri nan tout kominote nou yo avèk finansman enpòtan sa a."

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "New York se episant mondyal atizay ak kilti gras ak atis talantye nou yo ak òganizasyon vibran yo. Atravè sibvansyon NYSCA yo, n ap non sèlman envesti dirèkteman nan kè kominote nou yo, men n ap bay atis ak gwoup kiltirèl pouvwa pou yo pwospere epi kontinye anrichi tisi kiltirèl eta nou an. Mwen kontan wè inovasyon sibvansyon sa yo pral deklanche, epi mwen ankouraje tout atis ak òganizasyon kiltirèl yo atravè eta a pou yo pwofite chans sa a epi ranfòse wòl New York kòm yon fòs kiltirèl prensipal atravè mond lan."

Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan

Misyon Konsèy Atistik Eta New York la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Pou sipòte reyabilitasyon kontinyèl zèv atistik nan Eta New York, Konsèy Atistik la pral akòde 162 milyon dola nan Ane Fiskal 2025 la, ki ap sèvi òganizasyon ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite www.arts.ny.gov, epi swiv paj [Facebook](https://www.facebook.com/NYSCA) NYSCA, sou X [@NYSCArts](https://twitter.com/NYSCArts) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](https://www.instagram.com/NYSCouncilontheArts).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)